

Gid pou Votè

sou Kesyon Balòt 2018 Massachusetts

Ale Vote 6 Novanm, 2018! Biwo vòt yo ouvri 7am rive 8pm.
Pou w jwenn biwo vòt pa ou: wheredoivotema.org.

Massachusetts pral gen **Vote Bonè** pou eleksyon jeneral nan tout eta yo. Pou dat ak lokal yo, tanpri kontakte biwo grefye lokal ou a: sec.state.ma.us/ele/elect/clkidx.htm

KESYON BALÒT	FONDAMANTAL YO	SA NOU APIYE
Kesyon 1: Inisyativ Limit nan Travay Enfimyè vizavi Pasyan	<p>👍 Yon Vòt Wi ta va etabli limit kantite pasyan pou enfimyè otorize yo k ap travay nan lopital yo.</p> <p>👎 Yon Vòt Non pa ta va lakòz okenn chanjman nan lwa leta yo ki kounye a limite sèlman rapò enfimyè-pasyan pou inite swen entansif yo men pa pou lòt inite medikal nan lopital yo.</p>	<p>👍 Vote WI</p> <p>Lè yo mete limit maksimòm pasyan, sa a bay priorite a sekirite pasyan sou benefis yo. Aktyèlman, desizyon konsènan kantite pasyan yo bay fèt pa gwo tèt lopital yo ki konsantre sou koupe depans epi ogmante pwofi. Si sa a pase, kalite pasyan an (pa egzanp, yon pasyan pandan nesans) oswa yon inite medikal (pa egzanp, inite chirijik) ta va detèmine limit kantite pasyan pou chak enfimyè otorize. Komisyon Politik Sante a ta va fè aplike inisyativ sa a.</p> <p>Detwa nan patizan enkli: MA Nurses Association, MA Senior Action Council, Neighbor to Neighbor, Coalition for Social Justice, MA Jobs with Justice, ak MA Teachers Association.</p> <p>safepatientlimits.org</p>
Kesyon 2: Komisyon Konsiltatif pou Amanman nan Konstitisyon Etazini an konsènan Zafè Lajan nan Politik	<p>👍 Yon Vòt Wi ta va kreye yon komisyon sitwayen volontè 15-moun pou mande yon nouvo 28^{yèm} Amanman konsènan depans politik ak antrepriz endividyèl, espesifikman pou ranvèsè Citizens United.</p> <p>👎 Yon Vòt Non pa ta va kreye komisyon sa a.</p>	<p>👍 Vote WI</p> <p>Richès konsantre ak pouvwa menase entegrite demokrasi nou an. Kreyasyon yon komisyon leta pou fè avanse yon amannman nan Konstitisyon Etazini an se yon etap enpòtan nan lit kont yon sistèm politik ki domine pa enterè lajan.</p> <p>Patizan nou yo enkli: Maura Healey, Seth Moulton, Jim McGovern, MassVOTE, Common Cause - MA, MA Jobs with Justice, Represent.Us, Take Back Our Republic, ak Our Revolution</p> <p>americanpromise.net/massachusetts</p>
Kesyon 3: Anti diskriminasyon Idantite Seksyèl	<p>👍 Yon Vòt Wi ta va konfime yon lwa 2016 ki entèdi diskriminasyon kont vwazen transjan nou yo ak zanmi nou yo nan plas piblik, tankou restoran, nan mòl, ak lopital yo.</p> <p>👎 Yon Vòt Non ta va rejte lwa ki entèdi diskriminasyon kont vwazen transjan nou yo ak zanmi nou nan plas piblik yo.</p>	<p>👍 Vote WI</p> <p>Lalwa aktyèl pwoteje jèn transjan ak adilt kont asèlman ak diskriminasyon nan plas piblik (restoran, magazen, lopital, transpò piblik, elatriye.) Pwoteksyon sa yo te mete an plas pou de zan san okenn ensidan. Yon vòt "wi" vle di ke pwoteksyon de baz sa yo ap rete anplas yon fason pou ke tout moun resevwa tretman ki jis, kèlkeswa moun ke yo ye.</p> <p>Patizan nou yo enkli: plizyè santèn biznis piti kou gwo nan Commonwealth la, 350+ lidè relijye, plizyè douzèn inyon lokal ki reprezante plizyè milyon fanmi, yon pakèt òganizasyon kominotè (ki gen ladan Coalition for Social Justice, Neighbor to Neighbor, ak Asian American Resource Workshop), Massachusetts Chiefs of Police Association, Massachusetts Coalition Against Sexual Assault and Domestic Violence, ak ekip Patriots, Red Sox, Bruins epi Celtics. Yon vòt "wi" vle di ke pwoteksyon de baz sa yo ap rete anplas yon fason pou ke tout moun resevwa tretman ki jis, kèlkeswa moun ke yo ye</p> <p>freedommassachusetts.org</p>

NOV
6
Vote sou Eleksyon Jou!
Madi, Novanm 6
7am rive 8pm

Massachusetts
Voter Table 

Gid elektoral sa a te fèt pa Massachusetts Voter Table la, yon koalisyon nonpatizan de plizyè òganizasyon atravè Massachusetts. Pou plis enfòmasyon, vizite mavotertable.org. Enfòmasyon yo te rasanble nan sous nouvell tankou Boston Globe ak Mass Live, Ballotpedia, ak sit entènèt kanpay elektoral yo.